

ETA NEW YORK
KOMITE AKSIDAN NAN TRAVAY

FÒM OTORIZASYON POU DEPO DIRÈK

Enstriksyon: Sa a se yon fòm echantiyon ki la sèlman pou egzanp. Tanpri pa ranpli fòm sa a. Pou kòmanse, chanje oswa anile transmisyon chèk avantaj pou aksidan nan travay yo ak/oswa benefis ki sòti nan yon akò règleman dapre WCL § 32 (apre sa a rele benefis règleman) dirèkteman nan yon enstitisyon finansyè: ranpli fòm ki sou sit entènèt konpayi asirans ou a oswa administratè w la epi voye/soumèt fòm nan dirèkteman ba li. **Pa voye anyen bay Komite Aksidan nan Travay la.** Si w bezwen yon kopi fòm nan sou papye, tanpri kontakte konpayi asirans ou a.

DWA DEMANDÈ A GENYEN POU DEPO DIRÈK

- Fòm sa a pa obligatwa, men ou gen dwa pou resevwa avantaj dedomajman pou aksidan nan travay ou a oswa avantaj poutèt lanmò, sou fòm depo dirèk. Epiou, ou gen dwa pou resevwa avantaj dedomajman pou aksidan nan travay ou a oswa avantaj poutèt lanmò, pa mwayen chèk papye yo voye pa lapòs.
- Ou gen dwa anile depo dirèk la nenpòt ki lè, depi w annik tcheke ti kare ki apwopriye a sou fòm sa a epi voye fòm ranpli a bay administratè ki responsab pati reklamasyon pou aksidan nan travay yo. Demann lan pral aplike nan karant-senk (45) jou apre li resevwa avi a, epi apre sa y ap voye peman avantaj yo pa mwayen chèk an papye.
- Apati 1ye Jiyè 2021, ou gen dwa pou fè yo depoze peman sa yo sou omwen de (2) kont labank jan w mande a, swa kòm yon pousantaj nan avantaj total la oswa yon montan dola fiks pou chak depo. Administratè reklamasyon an ka egzije yon kantite minimòm ki rive jiska \$20 sou chak kont labank.

OTORIZASYON AK ANTANT

- Mwen otorize administratè reklamasyon an pou l depoze dirèkteman avantaj dedomajman pou aksidan nan travay mwen an oswa avantaj poutèt lanmò an sou kont labank mwen bay la (yo).
- Mwen otorize administratè reklamasyon an pou l retire lajan sou kont lan, nan lide pou l ka rekipere nenpòt lajan yo ta depoze sou kont sa a pa erè. Administratè reklamasyon an ka rekipere lajan yo depoze sou kont sa a pa erè, epi li ka itilize nenpòt mwayen ki legal. ENPÒTAN: Konsantman sa a pa otorize administratè reklamasyon an rekipere swadizan peman anplis pou avantaj yo te etabli epi yo te bay.
- Mwen konprann nenpòt chanjman nan estati travay mwen ka afekte dwa mwen genyen pou m resevwa avantaj yo.
- Mwen konprann nenpòt fo deklarasyon oswa si m pa bay yon enfòmasyon enpòtan yon fason pou m ka jwenn oswa ogmante avantaj mwen an, sa ka lakòz yon pouswit kriminel kont mwen, sa ka lakòz yon diskalifikasyon pou avantaj yo, epi yo ka fè m ranbouse nenpòt lajan yo te gentan depoze sou kont mwen an.
- Mwen konprann si mwen pa enfòme konpayi asirans lan, patwon ki pran asirans pou tèt li a, oswa twazyèm administratè (Third-Party Administrator, TPA) (administratè reklamasyon an) konsènan nenpòt chanjman enstitisyon finansyè oswa chanjman kont, sa ka retade resepsyon avantaj mwen an oswa benefis akò mwen an.
- Mwen konprann pou m chanje oswa anile depo dirèk pou avantaj dedomajman pou aksidan nan travay mwen an ak pou avantaj poutèt pou lanmò a, mwen dwe voye/soumèt fòm sa a bay administratè reklamasyon an.
 - Mwen konprann mwen gen yon obligasyon pou m enfòme administratè reklamasyon an imedyatman, si mwen pa gen dwa ankò pou m resevwa peman sa yo, oswa si vin gen chanjman sikonstans ki afekte dwa pou m resevwa peman sa yo.
 - Mwen konprann administratè reklamasyon an, ka egzije pou m sètifye chak ane ke mwen kontinye chwazi resevwa avantaj sa yo pa mwayen depo dirèk, epi si mwen pa fè sa, administratè reklamasyon an ka sispann depo dirèk la epi apre sa, li ka bay avantaj yo pa mwayen chèk papye.



NOUVO ENSKRIPSYON CHANJMAN ANILE

SEKSYON 1 (DEMANDÈ A KI POU RANPLI LI)

Non Depozan an/Demandè a (siyati, non):	Nimewo Reklamasyon WCB:
Nimewo Telefòn (mete ni kòd zòn nan):	Adrès Imèl:
Adrès:	
<p>SÈTIFIKASYON DEPOZAN/DEMANDÈ/TITILÈ KONT KONJWEN AN Mwen sètifye, mwen gen dwa pou resevwa peman pou aksidan nan travay sa yo oswa pou oswa pou avantaj lanmò yo epi sikonstans ki pèmèt mwen resevwa avantaj oswa avantaj pou lanmò yo pa chanje. Mwen konprann administratè reklamasyon an, ka mande yon sètifikasyon anyèl sou dwa k ap kontinye pou peman oswa avantaj sa yo epi yo dwe bay sètifikasyon sa a nan swasant (60) jou yon fason pou yo ka kontinye ak peman pa depo dirèk la.</p>	
Siyati Sètifikasyon Depozan an/Demandè a	Dat
Siyati Sètifikasyon Titilè Kont Konjwen an	Dat

SEKSYON 2

Tanpri, al pran enfòmasyon nan men enstitisyon finansyè w la, pou w ka byen ranpli tout enfòmasyon yo egzije nan seksyon sa a. Depo dirèk la disponib sèlman si enstitisyon finansyè w la fè pati Rezo Transfè Otomatize nan Eta New York la (New York Automated Clearinghouse). Epi, non depozan an DWE parèt sou kont lan.

Non Enstitisyon Finansyè a:	Kalite Kont: <input type="checkbox"/> Chèk <input type="checkbox"/> Epay Kantite oswa Pousantaj yo dwe depoze: _____
Nimewo Kont Depozan an (Fòma EFT):	Nimewo Woutaj:

Non Dezyèm Enstitisyon Finansyè a:	Kalite Kont: <input type="checkbox"/> Chèk <input type="checkbox"/> Epay Kantite oswa Pousantaj yo dwe depoze: _____
Nimewo Kont Depozan an (Fòma EFT):	Nimewo Woutaj: